



DWA OU ANBA SEKSYON 504 LWA SOU REYABILITASYON

Kisa Seksyon 504 ye?

Seksyon 504 Lwa 1973 sou Reyabilitasyon se yon lwa nasyonal ki pwoteje moun ki kalifye kont diskriminasyon selon andikap yo. Egzijans lwa a pou pa gen diskriminasyon aplike pou patwon ak òganizasyon k ap resevwa bourad lajan nan nenpòt depatman oswa ajans federal, tankou Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini. Òganizasyon ak patwon sa yo gen ladan lopital, mezon retrèt, sant sante mantal ak pwogram sèvis sosyal yo.

Seksyon 504 entèdi òganizasyon ak patwon yo pou rejte moun ki andikape yo, oswa pou refize ba yo yon posiblite egale pou resevwa avantaj ak sèvis pwogram yo. Li defini dwa moun ki andikape genyen pou patisipe nan avantaj ak sèvis pwogram yo, epitou pou jwenn yo.

Kimoun ki Pwoteje kont Diskriminasyon?

Seksyon 504 pwoteje *moun andikape ki kalifye yo*. Dapre lwa sa a, ***moun ki andikape yo*** defini kòm moun ki gen yon twoub fizik oswa mantal ki limite toutbon youn oswa plizyè gwo aktivite nan lavi moun nan. Si yon moun ki abitye gen yon twoub fizik oswa mantal, oswa si yo konsidere moun nan kòm moun ki gen yon twoub fizik oswa mantal ki limite youn oswa plizyè gwo aktivite nan lavi li, moun sa a pwoteje tou. Gwo aktivite nan lavi moun gen ladan swen pèsònèl moun nan, mache, wè, tandè, pale, respire, travay, fè travay alamen, epi aprann. Men kèk egzanz twoub ki ka limite toutbon gwo aktivite lavi moun, menm avèk èd medikaman, oswa èd/pwotèz: SIDA, alkolis, moun nan avèg, oswa li gen pwoblèm pou wè, kansè, moun nan soud oswa l gen pwoblèm pou tandè, akoutimans pou dwòg, maladi kè, ak maladi mantal.

Anplis definisyon ki endike anwo pou satisfè, pou resevwa sèvis, edikasyon oswa fòmasyon, ***moun andikape ki kalifye yo*** se moun ki satisfè egzijans nòmal ak debaz yo.

Pou objektif travay, moun ***andikape ki kalifye yo*** se moun ki kapab fè fonksyon debaz djòb yo aplike pou jwenn nan, oswa djòb yo anboche yo pou fè, avèk aranjman rezonab. (Komisyon Etazini pou Posiblite Egale pou Jwenn Travay ap resevwa plent ki konsène diskriminasyon nan travay akòz andikap kont yon sèl moun pou yo travay sou li.)

Aranjman rezonab vle di yon patwon gen obligasyon pou pran mezi rezonab pou ba ou aranjman pou andikap ou, sof si sa ta lakòz patwon an gen gwo pwoblèm.

Lwa sou Entèdiksyon pou Diskriminasyon nan Anviwònman Swen Sante ak Sèvis Sosyal

Entèdiksyon Seksyon 504 kont diskriminasyon aplike nan disponiblite sèvis, fason pou jwenn yo, fason yo bay sèvis la, travay, epi aktivite administratif ak responsablite òganizasyon k ap resevwa bourad lajan federal. Yon òganizasyon k ap resevwa bourad lajan federal pa kapab, akòz andikap:

- X Bay refi pou moun ki kalifye jwenn posiblite pou patisipe oswa pou jwenn avantaj nan pwogram, sèvis oswa lòt avantaj ki finance avèk lajan federal.
- X Bay moun refi pou pwogram, sèvis, avantaj, oswa posiblite pou patisipe akòz anpèchman fizik yo.
- X Bay moun refi pou jwenn posiblite pou travay, tankou anbochaj, pwomosyon, fòmasyon, ak avantaj sosyal, yo gen dwa oswa kalifye pou resevwa....

Ou kapab jwenn entèdiksyon sa yo ak lòt entèdiksyon kont diskriminasyon akòz andikap nan règleman Seksyon 504 DHHS nan 45 CFR Pati 84.

Pou jwenn enfòmasyon sou fason pou pote yon plent pou diskriminasyon, oswa pou jwenn enfòmasyon sou dwa sivil, tanpri kontakte nou. Anplwaye OCR yo ap fè tout efò pou ba ou sèvis rapid.

Liy Dirèk yo: 1-800-368-1019 (Vwa)
Imèl: ocrmail@hhs.gov

1-800-537-7697 (TDD)
Sitwèb: <http://www.hhs.gov/ocr>

Your Rights Under Section 504 of the Rehabilitation Act
(H-8/June 2000 – revised June 2006 – Haitian Creole)